

KONTRIBISYON AK KAT KREDI

Fason ki pi komen pou kolekte kontribisyon apati kat kredi yo se anliy, sou sit entènèt kanpay ou a oswa sou yon lòt platfòm. Gen egzijans espesifik pou soumèt rapò yo, nan jere rejis yo ak nan tretman ke yo dwe respekte anvan yo kreye yon platfòm kat kredi. Tout kanpay yo dwe itilize yon pwosesè kat kredi ki konfòm ak egzijans Komisyon Finansman Kanpay (Campaign Finance Board, CFB) la, jan yo dekri sa pi ba a. Patisipan nan [pwogram Fon an kontrepati yo \(Matching Funds Program\)](#) dwe konfòme yo tou ak egzijans sa yo pou asire yo ke yo ka mache kontribisyon ou yo ak fon piblik yo.

Fason ki pi fasil pou kolekte kontribisyon apati kat kredi yo se lè yo itilize [Contribute](#), ke CFB a te devlope pou senplifye pwosedi akseptasyon an, deklarasyon ak dokimantasyon kontribisyon apati kat kredi pou kanpay ou a ann akò ak lalwa ak règ CFB yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade paj kesyon/repons [Contribute FAQ](#) a. Dokiman gid sa a eksplike w kòman pou kreye yon platfòm ak yon pwosesè kat kredi anplis oswa nan plas Contribute.

Pa gen anpil chans pou aplikasyon anliy yo ak aplikasyon pèman mobil peer-to-peer yo reponn ak egzijans nou yo nan zafè dokimantasyon. Kontakte ajan lyezon sèvis kandida ou yo anvan ou kreye yon sistèm tretman kat kredi oswa itilize yon aplikasyon pèman.

EGZIJANS KI GEN RAPÒ AK PWOSESÈ KAT KREDI AK KONT KOMÈSAN YO

Pou kreye epi trete kontribisyon anliy yo, kanpay ou a ap bezwen:

- ◆ mete kanpe yon **platfòm kat kredi** pou kolekte kontribisyon yo — jeneralman, se yon sit entènèt pou kanpay oswa yon paj wèb pwosesè kat kredi w la mete kanpe;
- ◆ travay avèk yon **Pwosesè kat kredi** pou trete kontribisyon yo ak kat kredi kanpay ou a kolekte; Pwosesè kat kredi a ap resevwa enfòmasyon sou kontribitè a epi l ap fasilite faktirasyon an sou kat kredi li a. Pwosesè kat kredi yo ka mande pou peye yon frè nonimal pou chak tranzaksyon ki trete, ki souvan se yon pousan nan valè kontribisyon an. Frè sa yo ka soti swa sou kontribisyon ou resevwa a oswa soti sou kont kouran ou a epi ou dwe deklare sa. W ap bezwen konekte pwosesè kat kredi a ak kont komèsan kanpay ou a pou kolekte fon ki soti nan tranzasyon ki fèt ak kat kredi yo;
- ◆ mete kanpe yon **kont komèsan**, ki se kont nan yon bank oswa yon lòt enstitisyon finansyèl ki aksepte fon ki soti nan tranzasyon ki fèt ak kat kredi.

Depi w fin ouvè yon kont komèsan, ou dwe divilge li sou enskripsyon kanpay ou sou [Pòtay CFB](#) a. Modifye seksyon kontribisyon ki fèt ak kat kredi nan enskripsyon ou a pou ajoute kont komèsan ou a epi soumèt chanjman sa yo bay CFB a.

Konekte kont komèsan ou a ak kont kouran kanpay ou a pou kontribisyon ki sou kont komèsan ou a ale sou kont kouran ou a nan fason elektronik ak regilyè. Gen kèk pwosesè kat kredi k ap founi kanpay ou a ak pwòp kont komèsan li; sinon, bank ou a kapab mete youn kanpe pou kanpay ou a. **Ou dwe itilize yon pwosesè kat kredi ak yon founisè kont komèsan ki respekte egzijans CFB yo.**

EGZIJANS KI GEN RAPÒ AK DOKIMAN POU TRÈTMAN KAT KREDI

Avan kanpay ou a chwazi yon pwosesè kat kredi, ou dwe asire w li kapab founi dokiman ki pral vini yo pou tout kontribisyon ki fèt ak kat kredi:

◆ **Akò Kont Komèsan**

Yon kont komèsan fèt avèk yon akò, pafwa yo rele tou yon kontra. Akò a gen ladann modalite kont komèsan an epi li endike si li se yon kont inik (ki pa pataje oswa pa konekte a plizyè moun) sèlman pou kanpay ou a. Kanpay la dwe konsève dokiman sa a, ansanm ak tout nòt adisyonèl oswa modifikasyon, epi soumèt yo bay CFB a lè gen yon demann ki prezante.

◆ **Tretman kat kredi oswa relve kont komèsan**

Menmjan ak relve kont bank yo, ou dwe soumèt relve oswa rapò ki gen yon rezime mansyèl sou tranzaksyon pwosesè kat kredi ou a trete ak nenpòt frè li touche. Transfè yo ki soti nan kont machann ou pou ale nan kont bank ou dwe fèt regilyèman epi yo dwe depoze kontribisyon yo nan 20 jou ouvrab ki vin aprè jou yo te resevwa yo a. Gen kèk pwosesè ki ka pwodui rapò separe pou ranbousman ak dispit yo (retwofaktirasyon). Si se sa, rapò sa yo dwe telechaje epi soumèt bay CFB a anplis relve kont vandè ou yo si yo pa reflete.

◆ **Prèv tretman**

Prèv tretman an gen kòm travay dokimantasyon pwosesè kat kredi pou chak tranzaksyon. Sa a sèvi kòm dokimantasyon pou kontribisyon, ki sanble ak yon kat kontribisyon. Li dwe gen ladann:

- yon nimewo oswa kòd tranzaksyon inik pwosesè a pou chak tranzaksyon;
- non komite ou a oswa nimewo kont komèsan ou a ki idantifye w kòm reseptè fon yo;
- non ak adrès rezidansyèl kontribitè a kòm adrès pou peye fakti yo;
- tip kat kredi, kat dènye chif nimewo kont kat kredi kotizan an ak dat ekspirasyon li. (Si pwosesè a bay tout nimewo kat kredi a, ou dwe bare tout lòt chif yo eksepte kat (4) dènye yo avan ou soumèt dokimantasyon an bay CFB);
- montan kontribisyon an.

- prèw verifikasyon adrès (AVS) nan tan reyèl pou chak tranzaksyon endividyèl. (Verifikasyon sa ta dwe baze sou, ominimòm, sou karaktè nan adrès ak nan zipkòd la.) Si yon kontribisyon echwe pandan verifikasyon kòd postal oswa adrès la, ou ka jwenn yon [lèt pou verifye adrès la](#) pou kontribisyon an ka elijib pou l matche ak fon piblik la;
- rezilta tranzaksyon an (apwouve oswa refize).

Ranbousman ki fèt ak pwosesè kat kredi a dwe gen ladann:

- prèw tretman kontribisyon inisyal la;
- yon resi/bòdwo ranbousman detaye ki endike benefisyè a, dat ranbousman an, ak montan ranbousman an;
- deklare nan C-SMART kòm yon ranbousman. Konsilte èd [C-SMART la](#) pou dekalre ranbousman yo pou jwenn asistans pou deklare ranbousman.

Si pwosesè kat kredi w la transfere dokimantasyon sa a dirèk sou kanpay ou a, ou ka soumèt dokimantasyon elektwonikman bay CFB a pandan w ap telechaje li sou C-SMART epi soumèt li avèk pwochè deklarasyon enfòmasyon an. Ou ka mande pwosesè kat kredi w la pou transfere dokimantasyon an bay CFB a dirèk. Tanpri kontakte ajan lyezon Sèvis Kandida yo pou jwenn asistans sou kòman pou soumèt dokimantasyon an bay CFB a.

EGZIJANS KONSÈNAN WÈBSAYT

Si kanpay ou a aksepte kontribisyon anliy ki fèt ak kat kredi, sit entènèt ou a dwe konfigire pou kolekte tout enfòmasyon k ap vini yo nan men chak kontribitè:

- ◆ Montant kontribisyon an
- ◆ Non ak siyati kontribitè a
- ◆ Adrès rezidans kontribitè a
- ◆ Enfòmasyon sou travay kontribitè a

Sistèm **Verifikasyon Adrès la (AVS)** pèmèt yo verifye nan tan reyèl adrès kontribitè yo antre a nan moman kontribisyon an koresponn ak adrès faktirasyon ki nan dosye kont kat kredi a. AVS pèmèt ou ak CFB demontre kontribitè a itilize fon pèsònèl li si adrès faktirasyon an koresponn ak adrès rezidans lan. Si enfòmasyon rezidansyèl yo founi yo pa koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye kat kredi a, kontribisyon an p ap elijib epi verifikasyon li ka echwe.

Antre montan total kontribitè a te bay ou kòm montan kontribisyon nan C-SMART. Yo dwe antre frè pou tretman yo nan fason apa ak pèman fakti yo nan C-SMART. Frè yo ka deklare sou baz chak peryòd (pou koresponn ak peryòd relve tretman yo) epi antre nan C-SMART kòm yon tranzaksyon inik pou chak peryòd.

Apati sikl elektoral 2025 lan, y ap konsidere frè tretman kat kredi yo tankou depans ki **egzonere**. Sa vle di yo pa pran an kont frè yo nan plafon global depans kanpay ou a. Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte seksyon Depans Ki Egzonere (Exempt Expenditures) yo nan chapit 3 manyèl la.

Pou jwenn asistans konsènan deklarasyon kontribisyon ki fèt ak kat kredi yo oswa pou antre frè tretman an rapò ak tretman an, tanpri revize [Asistans C-SMART](#).

- ◆ Enfòmasyon sou kat kredi kontribitè a (nimewo kat, dat ekspirasyon, ak kòd CVV oswa CVC)
- ◆ Akò deklarasyon afimasyon kontribitè a egzakteman jan sa ekri anba a.

Nòt: Akize resepsyon deklarasyon afimasyon kontribitè a dwe gen yon kazye pou tcheke ki dwe obligatwa pou kontribitè a tcheke avan tranzaksyon anliy nan kòmanse. Se tankou yon siyati elektwonik ki endike kontribitè a aksepte afimasyon an.

Mwen konprann lwa Etatik la egzije pou yon kontribisyon fèt nan non m epi li dwe soti nan pwòp lajan mwen. Mwen konfime yo pa t ranbouse m, epi, dapre tout sa mwen konnen, yo pa t ranbouse okenn moun sou nenpòt fòm pou kontribisyon sa a; kontribisyon sa a pa fèt sou fòm prè; epi se nan pwòp fon pa m oswa nan kont pèsònèl mwen kontribisyon sa soti, ki pa genyen okenn afilyasyon kòporativ oswa komèsyal.

Sit entènèt kanpay ou a dwe idantifye l byen klè epi gen yon mesaj “peye pou”. Pou plis enfòmasyon sou egzijans “peye pou”, gade chapit 3 nan [Handbook](#). Sit entènèt ou a dwe konfigire pou afiche enfòmasyon k ap vini yo sou paj wèb kontribisyon an:

- ◆ Non komite a
- ◆ Deklarasyon pou solisite leve fon an:

Lalwa etatik entèdi pou vèse yon kontribisyon sou non yon lòt moun, ranbouse yon moun pou yon kontribisyon ki te vèse sou non ou, ranbouse w pou yon kontribisyon ki te vèse sou non ou oswa pretann yon kontribisyon te vèse lè gen yon prè ki konsanti.

- ◆ Limit kontribisyon [antrepriz yo](#)

Li rekòmande tou pou site sous kontribisyon ki entèdi yo, afiche limit kontribisyon pou fonksyon w ap chache a epi fikse yon montan kontribisyon maksimal ki pa dwe depase limit sa pou asire konfòmite a.

Ou dwe endike sit entènèt kanpay ou a nan moman enskripsyon kanpay ou a sou [Pòtay CFB a](#). Modifye seksyon Komite nan enskripsyon an pou ajoute sit entènèt kanpay la ak soumèt chanjman yo bay CFB.